

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan, analisis, jeung pedaran kamampuh nulis paparikan ngagunakeun modél pangajaran *Make a Match* ka siswa kelas VIII-A MTs Yamisa Ciwideytaun ajaran 2015/2016, bisa diceindekkeun:

- 1) Kamampuh nulis paparikan siswa kelas VIII-A MTs Yamisa Ciwidey taun ajaran 2015/2016 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Make a Match* kaasup teu nyugemakeun atawa kurang ti KKM anu geus ditangtukeun. Ieu hal katitén tina hasil rata-rata *pretest* nya éta 69. Kamampuh nulis paparikan aspék penilaian jumlah engang dina unggal padalisan tina hasil *pretest* nuduhkeun yén kamampuh siswa cukup paham, bisa nulis paparikan kalayan merhatikeun jumlah engang dina unggal padalisan, tapi loba kénéh siswa nalika nulis paparikan, jumlah engangna kurang atawa leuwih ti dalapan engang dina unggal padalisan. Rata-ratana 2,6 (86%).Kamampuh nulis paparikan aspék wangun tina hasil *pretest* kawilang kurang sabab aya kénéh siswa anu nulis sisindiran téh can saluyu jeung wangun paparikan, aya kénéh siswa nu nulis sisndiran dina wangun anu béda. Rata –ratana 2,3 (76%).Kamampuh nulis paparikan siswa dina aspék éjahan tina hasil *pretest* nuduhkeun yén kamampuh siswa kurang pisan, loba siswa anu teu merhatikeun dimana nempatkeun hurup kapital, siswa ogé can bisa ngabédakeun hurup vokal é, e, jeung eu. Lian ti éta, siswa ogé kurang merhatikeun tanda baca saperti titik jeung koma anu mangrupa salah sahiji aturan ogé dina nulis paparikan. Rata-ratan 1,1. Kamampuh nulis paparikan siswa aspék pilihan kecapna (diksi) tina hasil *pretest* nuduhkeun yén kamampuh siswa kurang bisa milih kecap pikeun dilarapkeun dina nulis paparikan, tapi aya kénéh siswa anu ngarasa hésé dina milih kecap pikeun dilarapkeun dina nulis paparikan anu ahirna ngagunakeun basa Indonesia. Rata-ratana 2,5 (83%).Kamampuh nulis paparikan aspék karapihan tulisann

tina hasil *pretest* kawilang kurang diperhatikeun ku siswa, loba kénéh tulisan anu acak-acakan, teu rapih loba maké *tipe-x*, sarta aya kénéh siswa nu ngagunakeun patlot tibatan pulpén. Rata-ratan 1,9.

- 2) Kamampuh nulis paparikan siswa kelas VIII-A MTs Yamisa Ciwidey taun ajaran 2015/2016 sabada ngagunakeun modél pangajaran *Make a Match* kaasup nyugemakeun atawa geus bisa ngahontal KKM anu geus ditangtukeun. Ieu hal katitén tina hasil rata-rata *posstest* nya éta 89. Kamampuh nulis paparikan aspék penilaian jumlah engang dina unggal padalisanna kawilang ngaronjat atawa mampuh, siswa bisa nulis paparikan kalayan merhatikeun jumlah engang dina unggal padalisanna, tapi aya kénéh sawatara siswa nalika nulis paparikan, jumlah engangna kurang atawa leuwih ti dalapan engang dina unggal padalisanna. Rata-ratana 2,9 (96%). Kamampuh nulis paparikan aspék wangun tina hasil *posttest* nuduhkeun yén aspék wangunna kawilang ngaronjat pisan, siswa mampu nulis sisindiran dina wangun paparikan. Rata-ratana 3 (100%). Kamampuh nulis paparikan aspék éjahan tina hasil *posttest* nuduhkeun yén aspék éjahanna ngaronjat, siswa ngalarapkeun tanda titik jeung koma dina unggal padalisanna. Sok sanajan aya kénéh siswa nu can merhatikeun aspék éjahan dina nulis paparikan. Rata-ratana 2,1 (70%). Kamampuh nulis paparikan aspék pilihan kecap (dikasi) tina hasil *posttest* nuduhkeun yén aspék pilihan kecapna (dikasi) kawilang ngaronjat, alus, siswa ngagunakeun kecap-kecap anu dipikaharti sarta ngagunakeun basa Sunda dina nulis paparikan. Rata-ratana 2,9 (96%). Kamampuh nulis paparikan aspék karapihan tulisan tina hasil *posttest* nuduhkeun yén aspék karapihan tulisanna kawilang ngaronjat, tina hasil *pretest* anu ngahontal rata-rata 1,9 (63%), nalika *posttest* ngaronjat jadi 2,6 (86%).
- 3) Ngaronjatna kamampuh nulis paparikan siswa kelas VIII-A MTs Yamisa Ciwidey taun ajaran 2015/2016 sabada ngagunakeun modél pangajaran *make a match* bisa katitén tina babandingan hasil *pretest* jeung *posttest* anu nuduhkeun yén rata-rata hasil *pretest* jeung *posttest* siswa ngaronjat tina 27%

jadi 95%. Hartina, gedéna pangaruh modél pangajaran *make a match* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis paparikan téh nya éta 68%. Kamampuh nulis paparikan aspék jumlah engang dina unggal padalisan tina hasil *pretest* miboga peunteun rata-rata 2,6 (86%) sabada *posttest* peunteun rata-ratana jadi 2,9 (96%), hartina gedé pangaruh modél pangajaran *make a match* dina ngaronjatkeun aspék jumlah engang dina unggal padalisan nalika nulis paparikan téh nya éta 0,3 (10%). Kamampuh nulis paparikan aspék penilaian wangun tina hasil *pretest* miboga peunteun rata-ratana 2,3 (76%) sabada *posttest* peunteun rata-ratana jadi 3 (100%), hartina gedé pangaruh modél pangajaran *make a match* dina ngaronjatkeun aspék wangun nalika nulis paparikan téh nya éta 0,7 (23%). Kamampuh nulis paparikan aspék penilaian éjahan tina hasil *pretest* miboga peunteun rata-ratana 1,1 (36%) sabada *posttest* peunteun rata-ratana jadi 2,1 (70%), hartina gedé pangaruh modél pangajaran *make a match* dina ngaronjatkeun aspék éjahan nalika nulis paparikan téh nya éta 1 (33%). Kamampuh nulis paparikan aspék penilaian pilihan kecap (diksi) tina hasil *pretest* miboga peunteun rata-ratana 2,5 (83%) sabada *posttest* peunteun rata-ratana jadi 2,9 (96%), hartina gedé pangaruh modél pangajaran *make a match* dina ngaronjatkeun aspék pilihan kecap (diksi) nalika nulis paparikan téh nya éta 0,4 (13%). Kamampuh nulis paparikan aspék karapihan tulisan tina hasil *pretest* miboga peunteun rata-ratana 1,9 (63%) sabada *posttest* peunteun rata-ratana jadi 2,6 (86%), hartina gedé pangaruh modél pangajaran *make a match* dina ngaronjatkeun karapihan tulisan nalika nulis paparikan téh nya éta 0,7 (23%).

- 4) Kamampuh nulis paparikan siswa kelas VIII-A MTs Yamisa Ciwidey taun ajaran 2015/2016 ngaronjat kalayan signifikan. Rata-rata hasil *pretest* 27% sabada *posttest* ngaronjat jadi 95%. Hartina, gedéna pangaruh modél pangajaran *make a match* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis paparikan téh nya éta 68%. Hasil uji béda dua rata-rata nuduhkeun yén $t_{itung} > t_{tabel}$ nya éta $3,53 > 2,42$, hartina hipotésis kerja (H_a) ditarima jeung hipotésis nol (H_o) ditolak.

Dumasar hasil ieu panalungtikan, bisa dicindekkeun yén aya béda anu signifikan anantara kamampuh nulis paparikan siswa kelas VIII-A MTs Yamisa Ciwidey taun ajaran 2015/2016 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *make a match*.

5.2 Implikasi

Modél pangajaran *make a match* dilarapkeun dina pangajaran nulis paparikan pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa. Dilarapkeunana ieu modél meunang dukungan jeung aprésiasi anu hadé boh ti siswa boh ti guru. Ieu hal bisa ditarima sacara positif dina pangajaran di sakola ku sabab prak-prakan dina ngalarapkeun modél pangajaran *make a match* kawilang leuwih ngirut jeung matak pikaresepeun. Ayana modél pangajaran *make a match* jadi salah sahiji alesan pikeun siswa numuwuhkeun kaparigelan dina pangajaran nulis paparikan. Ieu modél pangajaran téh ngadumaniskeun kamampuh mikir jeung nulis anu dibarengan ku suasana diajar nu matak pikarepeun, nya éta “diajar bari ulin”, anu pasti siswa bakal leuwih gampang dina maham matéri, henteu matak bosen, ogé nimbulkeun karep anu hadé nalika ngeusian tés.

5.3 Rékoméndasi

Sabada dilaksanakeun panalungtikan modél pangajaran *make a match* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis paparikan siswa kelas VIII-A MTs Yamisa taun ajaran 2015/2016, aya sawatara rékoméndasi ieu di handap.

- 1) Modél pangajaran *make a match* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis paparikan. Ku sabab kitu, ieu modél téh bisa dijadikeun salah sahiji alternatif pikeun guru dina pangajaran di kelas;
- 2) Guru kudu leuwih taliti dina nangtukeun instrumén soal pikeun tés ka siswa, hartina guru kudu taliti dina milih kecap-kecap anu bakal dijieun dina wangun;
- 3) Ku lantaran ieu panalungtikan ngagunakeun kuasi ékspérimén, perlu diayakeun deui panalungtikan dina ékspérimén murni sangkan meunang ambahan anu leuwih lega;

- 4) Pikeun panalungtik satuluyna dipiharep bisa leuwih asak dina ngararancang modél pangajaran *make a match*;
- 5) Ayakeun modél-modél pangajaran séjénna nalika di kelas, hususna ngaronjatkeun kamampuh nulis paparikan di SMP/MTs.